*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№55 (26507)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 1 апрель – хуымгæнæны мæйы 1 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆХСЫЗГОН ФЕМБÆЛД
*Цæгат Ирыстоны кадджын уазджытæ*

3 ТЕМАТИКОН ФАРС
*Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Уæззау атлетикæ*

**Къамисы æмбырдæй**

# Боны фæткы – коррупцийы ныхмæ архайды фарстатæ



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ разамындæй уыд Коррупцийы ныхмæ тохы фарстаты фæдыл республикон къамисы радон æмбырд.**

Фембæлды архайджытæ æрдзырдтой бюджетон фæрæзтæ афойнадыл æмæ сæ нысаныл хардз кæныны, хицаудзинады æххæстгæнæг оргæнты коррупцион фæзындтытæ ма 'руадзын æмæ æндæр ахæм ахсджиаг фарстатыл. Къамисы уæнгтæ сæрмагонд æргом æздæхтой, коррупцийы ныхмæ тохы фæдыл закъонæвæрынад РЦИ-Аланийы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министрады системæйы куыд æххæстгонд цæуы, уымæ.

Зындгонд куыд у, афтæмæй 2021 азæй фæстæмæ паддзахадон нысаниуæджы бадзырдтæн дихгонд бюджетон фæрæзтæ (10 милуан сомæй уæлæмæ) цас раст хардзгонд цæуынц, уымæ бæстон цæстдард ис къазнайады специалистты 'рдыгæй. Уыцы куыст 2025 азы куыд æххæстгонд цыд, уый тыххæй уыд йæ раныхас Федералон къазнайады цæгатирыстойнаг управленийы разамонæг **Мырыкаты Маратæн.**

Докладгæнæджы ныхасмæ гæсгæ, ивгъуыд азы къазнайады цæстдардæй æххæстгонд цыдысты 160 паддзахадон бадзырды (дихгонд сын уыд 15,7 миллиард сомы бæрц). Къазнайад æмæ иннæ профилон ведомствæты æнгом æмархайды фæрцы бадзырдты фæдыл æппæт хæрдзтæ дæр сæ нысаныл афойнадыл сæмбæлдысты. Уыимæ, ахæм пайдайаг æмгуыстады фæрцы 2025 азы республикæйы бюджетмæ уæлæмхасæн æфтиæгты хуызы бафтыд 290 милуан сомæй фылдæр. Уымæй уæлдай, докладгæнæг æрхаста ахæм хатдзæг дæр: ивгъуыд азы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Цæгат Кавказы федералон зылды субъектты 'хсæн регионты бюджеты хæрдзты фæтк æххæст кæнынæй нæ республикæ нымад æрцыд раззагдæрыл.

Мырыкаты Марат æмбырды архайджыты зæрдыл æрлæууын кодта, паддзахадон бадзырдтæ æххæст кæнгæйæ, хæдзарадон æмæ финансон архайды тыххæй документаци уæлдай бæстондæр арæзт кæй хъуамæ цæуа, уый тыххæй дæр. Финансон закъонæвæрынады уыцы домæн куыд æххæстгонд цæуы, уымæ лæмбынæг цæстдард уыдзæн профилон ведомствæты 'рдыгæй.

– Бюджетон фæрæзтæй раст пайда кæныны хъуыддагмæ уыдзæн фыццаградон цæстдард. Сæвзæргæ уавæр домы, цæмæй бюджеты алкæцы сом дæр хардзгонд цæуа хæдзардзинæй, цæмæй паддзахады æппæт социалон хæстæ дæр æнæкъуыхцыйæ æххæстгонд цæуой. Уыцы нысантæ уын уæ размæ æвæрын, æмæ æнхъæлмæ кæсын бæрнон куыстмæ, – докладæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, бацамыдта Сергей Меняйло.

Æмбырды раныхас кодтой РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы цур Коррупцийы ныхмæ тохы фарстаты фæдыл управленийы разамонæг **Баскаты Эльбрус,** республикæйы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министр **Хъараты Тимур** æмæ æндæр бæрнон кусджытæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Фæндаггон хæдзарад**

# Донивылдтытæй æдас уæвынæн...

**Хуссар Уæрæсейы регионты æххæстгонд цæуынц федералон фæндæгтæ уалдзыгон-сæрдыгон донивылдтытæй бахъахъхъæныны мадзæлттæ. Уый тыххæй фехъусын кодтой Кавказы автомобилон фæндæгты федералон управленийы.**

Фæндæгты управленийы минæвæрттæ æрдзы уавæртæм цæстдарды мадзæлттæ æххæст кæнынц УФ-йы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады Хуссайраг управлени æмæ гидрометеорологийы службæйы регионалон дæлхайæдтимæ æнгом æмархайды фæрцы.



Управленийы пресс-службæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, донивылдтытæй тæссагдæр цы бынæттæн уа, уым рад хæсдзысты цалцæггæнджыты бригадтæ. Уыимæ, уыдон ифтонг уыдзысты уæззау техникæйæ, стæй хъæугæ арæзтадон фæрæзтæй (змис, хуыр æмæ афтæ дарддæр). Æмткæй райсгæйæ, Астраханы облæсты, Хъалмыхъы республикæйы, стæй РЦИ-Алани æмæ Цæгат Кавказы федералон зылды иннæ регионты донивылдтытæ æмæ æндæр ахæм æрдзон фыдбылызты фæстиуджытæ иуварс кæнынмæ цæттæ уыдзысты 59 сæрмагонд бригады. Уыдонæн æххуысæн лæвæрд уыдзæн сæрмагонд фæндагаразæн техникæйы 260 иуæджы.

Специалисттæ куыд зæгъынц, афтæмæй донивылдтытæй уæлдай тæссагдæр цы бынæттæн у, уыдон хаст æрцыдысты сæрмагонд картæмæ. Уыимæ, Кавказы автомобилон фæндæгты управленийы бæрны сты федералон нысаниуæджы фæндæгты 4 мин километрæй фылдæр. Управленийы цæгатирыстойнаг хайад дзуапп дætты фæндæгты 271 километры техникон æнаипдзинад æмæ æдасдзинадыл.

**Дмитрий АСТАХОВ**

**Бынæттон хуынаффæйад**

# Коммуналон хызæгты нывыладыл кусынц

**2026 азы бындурон цалцæджы пъланмæ бахастой Дзæуджыхъæуы 19 уынджы донуадзæн хæтæлты рацарæзт. Уый тыххæй фехъусын кодтой республикон «Водоканал»-ы пресс-службæйы.**

Уыимæ раивæм донуадзæн хæтæлты 4,5 километры бæрц. Специалисттæ бæстон сæ цæст дарынц Куыстуаты минæвар куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй цæлцæггæнæг бригадтæ ныридæгæн базылдысты Леваневскийы æмæ Садойнаг уынгты доны хæтæлтæм, ныртæккæ та ахæм куыстытæ æххæст кæнынц Митькины уынджы. Ахæм фæткыл архайд цæудзæн иннæ горæтаг уынгты донуадзæн хызæгтыл дæр.



Уыимæ, «Водоканал» æмæ горæты администраци баныхас кодтой фæндæгтæ æмæ донуадзæнты бындурон цалцæджы иумæйаг пъланыл. Ома, раздæр ивд цæуынц донуадзæн хæтæлтæ, уый фæстæ та сæ куыстмæ бавналынц фæндагаразджытæ.

«Азы кæронмæ хъуамæ æппæт технологон домæнтæ æххæст кæныны хъуыддагмæ. Ахæм фæткыл дарддæр дæр куыст цæудзæн донæфсисады хызæджы нывыладыл», – радзырдта «Водоканал»-ы дзæу-джыхъæуккаг филиалы директор **Къораты Давид**.

**Нæ уацхæссæг**

**Фæлладуагъд**

# Курорт «Мамысон»: бæлццæтты удæнцойæн

**2026 азы райдайæнæй нырмæ курорт «Мамысон»-ы сæ фæллад суагътой 28 мин адæймагæй фылдæр. Уыимæ, курорт фарон куы байгом, уæдæй нырмæ та ацы фæлладуадзæн тæлмы уазджытæ систы 65 мин туристæй фылдæр.**

Ахæм нымæцтæ фехъусын кодта компани «Кавказ.РФ»-йы пресс-службæ.

Компанийы минæвары ныхасмæ гæсгæ, ног курорт фидарæй рæзты фæндагыл æрлæууыд. Бынаты нырттæккæ кусынц дыууæ канатон фæндаг æмæ лыжæтыл бырæн трассæты 10 километры бæрц. Архайд цæуы, цæмæй бынаты фылдæр кæна фæлладуадзæн глемпингтæ æмæ хойраджы тæлмыты нымæц дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, куыст цæуы иннæ фæлладуадзæн структурæйы райрæзтыл дæр.

Уыимæ, «Кавказ.РФ» йæ размæ нысан æвæры, цæмæй 2031 азы онг курорты саразой ноджыдæр ма æртæ канатон фæндаджы (уыдонæй кæройнаг станцæ æрбынæттон уыдзæн 3300 метры бæрзæндыл). Уымæй уæлдай, лыжæтыл бырæн трассæтыл бафтдзæн ноджыдæр ма 13 километры.




Специалисттæ куыд зæгъынц, афтæмæй «Мамысон»-ы кой ныридæгæн айхъуыст, сæрдæй-зымæгæй чи кусы, ахæм курорт кæй у, уый тыххæй. Зæгъæм, зымæгон Мамысонгоммæ тырнынц лыжæты спорт уарзджытæ, сæрдыгон та уырдæм абалц кæнынц, экологон туризмыл æнувыд чи у, уыцы адæм.

Курорт «Мамысон»-ы райрæзтæн стыр ахадындзинад ис республикæйы экономикон царды. Кæй зæгъын æй хъæуы, регионы туристон хъомысбæрзонддæр кæнынæй уæлдай, курорты объекттæ ахъаз кæнынц амалхъомады райрæзтæн, ног кусæн бынæттæ гом кæнынæн... Æппæт уыцы гæнæнтæй аккаг хуызы спайда кæнынил бæстон архайд цæуы.

**КАЛМАНТЫ Аслан**

# Дзырды фарн

*Мады зæрдæ хурæй тынгдæр тавы.*

*ÆМБИСОНД*

Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **1 апрелы** чысыл рауардзæн. Уæлдæфы температурæ – **5 – 16 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 12,44 | Хурыскаст — 05,43, Хурныгуылд — 18,27

Валютæйы аргъ | Доллар — 82,13, Евро — 95,01

12 +

Æхсызгон фембæлд

# Цæгат Ирыстоны кадджын уазджытæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН фембæлд уыд Уæрæсейы Федерацийы Хъæбатыртæ – сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытимæ. Уыцы æфсæддонтæ ацы бонты уыдысты Цæгат Ирыстоны уазджытæ.**



Республикæйы Сæргълæууæгимæ фембæлдмæ саккаг кодтой **Александр Палящий** (Удмуртийы республикæйæ), **Алексей Безруков** (Стъараполы крайæ) æмæ Николай Будько (Екатеринбургæй). Фембæлды архайæг уыдысты Цæгат Ирыстоны цæрæг Уæрæсейы Хъæбатыртæ – республикæйы фæллой æмæ социалон рæзты министр **Абайты Юри** æмæ **Альберт Гоов** дæр.

Зындгонд куыд у, афтæмæй ивгъуыд фæлладуадзæн бонты Дзæуджыхъæуы сарæзтæуыд боксæй дунеон турнир «Pravda Boxing». Уыцы ерыстæ саразджытæ Уæрæсейы Хъæбатырты фæхуыдтой турнир байгом кæныны фæдыл кадджын æмбырдмæ. Уыцы фадатæй спайда кæнгæйæ, Сергей Меняйло æфсæддон операцийы раздæры архайджыты фæхуыдта йæ кусæнуатмæ, цæмæй дарддæры æмархайды фарстатыл æрдзурой. Ныхасы архайдта промоутерон компани «Pravda Boxing»-ы бындурæвæрæг **Цопанты Хетæг** дæр.

Уазджытæн зæрдиаг салам ратгæйæ, Сергей Меняйло бафиппайдта: «Сымах Фыдыбæстæйыл иузæрдион æцæг патриоттæ стут, тыхст рæстæг æнæ уæлдай ныхасæй тохы быдыры балæууыдыстут нæ бæстæйы сабыр æмæ фæрныг царды сæраппонд. Æхсызгон нын у сымахимæ фембæлд. Ирыстоны цы рæстæг арвыстат, уый уын зæрдæрухс æнкъарæнтæ кæй балæвар кодта, уымæй мæ ныфс ис».

Уазджытæ уыдысты æмхъуыды: фысымтæ сыл хионау баузæлыдысты, ирон адæмы фæрныгдæр миниуджытæй сын сæ зæрдæтæ барухс кодтой...

Дæрддæр ныхасы архайджытæ се 'ргом аздæхтой сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн æппæтвæрсыг æххуысы, рæзгæ фæлтæры хæстонпатриотон хъомылад æмæ æндæр ахсджиаг фарстатæм.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Чернобылы фыдбæллæхы 40 азмæ

# Æцæг хъæбатыртæ!

**1986 азы 26 апрелы, хуыцаубоны, срæмыгъта Чернобылы атомон электрон станцæйы цыппæрæм блок. Уæлдæфмæ скалд ядерон артаджы 50 тоннæйы бæрц, уыцы мæлæтхæссæг артагæй 70 тоннæйæ фылдæр та атомон электростанцæйы кæрты «анхъæвзта». Атомон арты æппæты разæй сыгъдысты зынгхуыссынгæнджытæ, хъахъхъæнджытæ, милицæйы кусджытæ, ирвæзынгæнджытæ, æфсæддон химиктæ-сгарджытæ æмæ дозиметристтæ, граждайнаг хъахъхъæнынады службæгæнджытæ…**



Чернобылы АЭС-ы фыдбылызы фæстиуджытæ аиуварс кæныны тыххæй запасæй æрсидтысты 47 мин адæймаджы бæрцмæ, сарæзтой сæ 100 æфсæддон хайæ фылдæр. Фыццаджыдæр уал æрсидтысты химион хъахъхъæнынады æфсæдтæм æмæ сæ баппæрстой иртæст ранмæ. Æрмæст 1986 азы фыццаг мæйты æнæзынгæ цæхæрыл ахызтысты Чернобылы фыдбæллæхы фæстиуджытæ иуварсгæнæг 400 мин æфсæддоны бæрц. Уыдон уыдысты лæгдзинадæй æххæст æцæг хъæбатыртæ. Æхсæвæйбонæй архайдтой, цы реактор срæмыгъта, уый хъуыр сæрмагонд таддаг æмæ здыйæ байдзаг кæныныл.

Семипалатинскы, Ног Зæххыл, Тоцкы пъæлигонты ядерон хæцæнгарз фæлварыны фæстиуджытæ, стæй Челябинскы облæсты горæт Озерскы куыстадон иугонд «Маяк»-ы бæллæхтæ фæстейы аззадысты, ницы уыдысты Чернобылы атомон электростанцæйы срæмыгъды раз. «Уазал хæсты» азты ацы объекттæ уыдысты сусæггонд, сæрмагонд паддзахадон ахадындзинад сын кæй уыд, уымæ гæсгæ. Чернобылы АЭС-ы срæмыгъды фæстæ иннæ æвирхъау бæллæхты тыххæй дæр æргомæй дзурын райдыдтой адæм, чи дзы архайдта, уыдон, сæ бинонтæ, æхсæнад...

Æнæзынгæ мæлæты ныхмæ чи тох кодта, уыдонимæ уыдысты Ирыстоны бирæ минæвæрттæ. Се 'хсæн – Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ дæр. Зæгъæм, инæлар-лейтенант Коцойты Айтег Даргъ-Къохæй, хæсты архайæг, Байконуры, Капустин Яры, Плесецкы ветеран, контр-адмирал Цæллагты Пантелеймон станицæ Новоосетинскаяйæ, Майрæмададжы карз тохы архайæг, ядерон полигон «Новая Земля»-йы хицау, булкъон Сабеты Виктор Дигорайæ, æвзонг партизан, 1942 азы, хуымтæ минæтæй сыгъдæг кæнгæйæ, фæцæф, 30 азæй фылдæр куыста ирвæзынгæнæгæй Байконуры полигоны, фембæлд фыццаг зындгонд космонавттæй бирæтимæ; академик Александр Кемурджиан Дзæуджыхъæуæй, афицер-артиллерист, хæцыд Ленинграды, Курскы, бахызт Одер æмæ Вислæйыл 1945 азы, уыд Чернобылы, æрхъуыды кодта æмæ сарæзта робот Чернобылы АЭС-ы уæлхæдзар ядерон хауæццæгтæй ссыгъдæг кæныны тыххæй; булкъон Дзопойты Юри Черноярскы станицæйæ, уыд 3-аг Украинаг фронты, ирвæзынгæнæг Джезказганы, Байконуры; майор Иннокентий Беляев, 1944-1945 азты хæцыд Японы ныхмæ, фæстæдæр та Семипалатинскы ядерон фæлварæнты архайæг; взводы командæгæнæджы æххуысгæнæг, сержант Гаглойты Цуцук Алагирæй, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты фæллойадон фронты сæрæн архайæг, 1954 азы Тоцкы пъæлигонты атомон хæцæнгарз фæлварджытæй; майор Бæдоаты Муратбег Беслæнæй, 1942 азы Елхоты арæзта хæстон фидæрттæ, æххуыс кодта фронтæн, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты фæсчъылдымы фæллойгæнæг, 1956-1958 азты куыстадон иугонд «Маяк»-ы сæрмагонд объекттæ хъахъхъæнæг районы ротæйы командæгæнæг.

Куыстадон иугонд «Маяк»-ы Чернобылы æмæ бæстæйы ядерон объектты æндæр тæссаг хайæдты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ирыстойнаг ветеранты фарсмæ æнæзынгæ ядерон мæлæтимæ тохы бацыдысты нæ республикæйы сæдæгай æрыгон минæвæрттæ, æфсады службæгæнджытæ. Уыдон ныффæрæзтой зындзинæдтæн, разындис сæм фыдбæллæхы фæстæ цæрын æмæ фæллой кæныны ныфс, пенсийы рацæугæйæ дæр зæрдиаг æхсæнадон куыст кодтой, фæндыд сæ Ирыстоны æхсæнадæн дарддæр дæр пайдайаг уæвын.

Мингай адæймæгты удуæлдай архайды фæрцы ядерон объектты фыдбылызты бæрц дзæвгар фæкъаддæр. Уыцы мингæйттæй 1750 уыдысты нæ республикæйы цæрджытæ. Уыдон ацы тæссаг тохы равдыстой стыр лæгдзинад, уæззау уавæрты ныфсджынæй иуварс кодтой ядерон фыдбæллæхты фæстиуджытæ. Сæ лæгдзинады, фæразондзинад æмæ удуæлдай куысты фæдыл не 'мзæххонтæй дæс æмæ дыууиссæдзæн лæвæрд æрцыд Лæгдзинады ордентæ, сæдæгай ирыстойнæгтæ хорзæхджын æрцыдысты æндæр ордентæ æмæ майдантæй, Советон Цæдисы, Уæрæсе æмæ Ирыстоны æндæр кадджын нысантæй...

Мах хъуамæ æдзухдæр нæ зæрдыл дарæм ацы æнæзынгæ фронты архайджыты хъæбатырдзинад. Не 'хсæн ма сæ чи ис, уыдоныл хъуамæ аудæм, æххуыс сын кæнæм алы хъуыддаджы дæр. Æхсæнады хæрзаудæн архайд куы 'нкъарой сæхиуыл, уæд нæ фарсмæ фылдæр азтæ фæуыдзысты ацы хъæбатыртæ.

**Юрий ТИТАРЕНКО, Чернобылы фыдбæллæхы фæстиуджытæ иуварсгæнæг, отставкæйы булкъон**

Регионалон программæтæ

# Æнæниздзинад хъахъхъæнынады кусæндæтты модернизаци

**Цæгат Ирыстоны Хицауады радон æмбырды уынаффæ хаст æрцыд «Æнæниздзинад хъахъхъæнынады фыццаградон къæпхæны кусæндæтты модернизацийы» программæйы уагæвæрдтæ 2030 азы онг адарддæр кæныны тыххæй.**

Уыимæ, уыцы æмгъуыдмæ программæйы уагæвæрдмæ хаст медицинон кусæндæтты рацарæзтæн нысангонд уыдзæн 3 миллиард сомæй фылдæр. Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæйы минæвар.

«Регионалон программæйы æмгъуыдыл кæй бафтыд, уый фæрцы уыдзæн амбулаторитæ, поликлиникæтæ æмæ æндæр медицинон кусæндæттæ бындуронæй сцалцæг кæныны фадат. Уыимæ, цалцæджы фæстæ æппæт кусæндæттæ дæр сифтонг кæндзысты нырыккон медицинон техникæйæ», – бафиппайдта пресс-службæйы минæвар.

Æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазы дарддæры нывыладыл кусгæйæ, Хицауады уынаффæйæ 2,7 милуан сомы бæрц дихгонд æрцæудзæн Республикон онкологон диспансер æмæ Тæрхонадон медицинон экспертизæйы республикон бюро ног кусæнгæрзтæй сифтонг кæнынæн.

**Нæ уацхæссæг**

Нæ медицинон къæлиндар

# Хæзнаты хæзна – ныййарæг æмæ сывæллоны цард



**Медицинон къæлиндармæ гæсгæ алы аз дæр 5 апрелы медицинон æхсæнад бæрæг кæны Неонатологы бон. Уымæ гæсгæ 30 мартъийæ 5 апрелмæ уыдзæн Ныййарæг æмæ сывæллоны æнæниздзинады къуыри.**

Сывæллæтты æнæниздзинад бахъахъхъæнын у Уæрæсейы Федерацийы ахсджиагдæр паддзахадон фарстатæй иу. Сывæллон та æнæниз уæд уыдзæн, æмæ йæ мад æнæниз куы уа. Уымæ гæсгæ сывæллоны райгуырдмæ бинонтæ хъуамæ сæхи цæттæ кæнын райдайой, йæ райгуырыны рæстæг куы æрхæццæ вæййы, уæд нæ, фæлæ дзæвгар раздæр.

Сывæллон цалынмæ мады гуыбыны уа, уæдмæ йын тæссаг у йæ ныййарджыты, уæлдайдæр йæ ныййарæг мады низтæй. Уымæ гæсгæ се 'нæниздзинадмæ сылгоймæгтæ хъуамæ уæлдай фылдæр æргом здахой.

Сылгоймаг æнхъæлцау цы рæстæг вæййы, уыцы рæстæг йе 'нæниздзинадмæ хъуамæ уа тынг къæрцхъус. Дохтыры æркастытæм хъуамæ цæуа æмæ сæ цух ма уадза, æвзæр ахуыртыл йæ къух сиса, йæ хæрыны æгъдау рацараза, физикон æгъдауæй æмбæлгæ уаргъ йæхиуыл æвæра. Афтæмæй, сывæллоны райгуырдмæ организм уыдзæн цæттæ, сывæллон та йæхæдæг – æнæниз.

Кæй зæгъын æй хъæуы, сывæллоны æнæниздзинадмæ цæст дарын хъæуы йæ райгуырыны фæстæ дæр. Педиатры æркастытæм æнæсцухæй цæуын, афоныл вакцинаци кæнын, сывæллонæн йæ физикон æмæ психикон рæзтмæ цæст дарын – æппæт уыдæтты фæрцы ис æнæниздзинадæн тасдзинад хæссæг медицинон æвуæлтæ рагацау базоныны æмæ сын дзæбæхгæнæн мадзæлттæ аразыны гæнæн.

Ныййарæг æмæ сывæллоны æнæниздзинады къуырийы нысан у адæмæн уæлдай хатт сæ зæрдыл æрлæууын кæнын, куыд ахсджиаг у, сæ дыууæ дæр æнæниз куы уой, уый. Аудын, къæрцхъус уæвын æмæ профилактикæ кæнын сты бинонты амондджын æмæ æнæниз фидæнмæ хонæг ахсджиаг къæпхæнтæ.

Хъахъхъæнут уæхи дæр æмæ уæ сывæллæтты дæр! Се 'нæниздзинад не 'ппæтæн дæр у нæ хæзнаты хæзна.

**Æхсæнады æнæниздзинад æмæ медицинон профилактикæйы республикон центр**

Барадон фæтк

# Ногæй та – наркотикты æнæзакъон зилдух

**Дзæуджыхъæуы Промышленнон районы прокуратурæ зылынгæнæн хатдзæг сфидар кодта, Дзæуджыхъæуы 51-аздзыд цæрæг нæлгоймаджы ныхмæ цы уголовон хъуыддаг сарæзтæуыд, уый фæдыл.**

Нæлгоймаджы азымджын кæнынц Уæрæсейы Уголовон кодексы 228-æм статьяйы 2-æм хайы («Наркотикон буаргъæды стыр бæрц æнæзакъонæй балхæнын æмæ йæ æфснайдæй дарын») бындурыл.

Слестгæнджытæ куыд раиртæстой, афтæмæй 2026 азы февралы бонтæй иуы гуырысхойаг балхæдта наркотикон буаргъæд – метадоны 1,27 граммы.



Уыимæ, нæлгоймаг уыцы наркотик йæ хæдзары æфснайдæй дардта. Гуырысхойаг слестгæнджытæн куыд радзырдта, афтæмæй йæм фæнд нæ уыд наркотик дарддæр апарахат кæнын, йæхицæн æй æфснайдæй дардта.

Гуырысхойаджы æнæзакъон архайдæн кæрон сæвæрдтой пъæлицæйы оперативон кусджытæ. Оперативон-агурæн мадзæлтты бындурыл цы уголовон хъуыддаг сарæзтæуыд, уый ныр зылынгæнæн хатдзæгимæ æрвыст æрцыд Дзæуджыхъæуы Промышленнон районы тæрхондонмæ.

Зæгъын хъæуы, ахæм фыдракæнды тыххæй ахходжынæн ахæстоны 10 азы онг фæбадыны тæрхон рахæссæн кæй ис, уый дæр.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**




# Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

## Хæстонтæн – ахъаззаг æххуыс куырттатыкоймæгтæй

**Зындгонд куыд у, афтæмæй, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн Ирыстоны цæрæг адæм арæх æрвитынц гуманитарон æххуыс. Ацы арфæйаг хъуыддагмæ аккаг æвæрæн хæссынц Куырттаты комы цæрджытæ дæр. Бынæттон администрацийы специалист БÆГЪИАТЫ Аллæйы дæсны разамындæй куырттатæгтæ дæр æнæкъуылымпыйæ нæ хæстон лæппутæн æрбамбырд кæнынц гуманитарон æххуыс. Администрацийы кусæн уаты сæ Аллæ бабæлвырд, бабиноныг кæны. Зæрдиагæй бацархайы, цæмæй афойнадыл сæмбæлой не ʻфсæддонтыл.**

æмæ йæ схорзæхджын кодтой сæрмагонд майданæй.

Арфæйы фыстæджытæ чи райста, уыдон банкъардтой æхцондзинад, фыццаджыдæр, уымæй æмæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы ветерантæ Голоты Альберт æмæ Дадианаты Олег, хæсты быдыры лæгдзинад, сгуыхтдзинæдтæ æвдисрайстой фыййагдойнæгтæ, уыдонимæ уыд амалиуæггæнæг, Ногхъæуы цæрæг Голоты Руслан. Бæлвырд куыд у, афтæмæй Руслан йæхи сыгъдæг удвæллойæ фронтмæ ныридæгæн арвыста 59 уæзæгтæ ласæн хæдтулгæйы дзаг гуманитарон æххуыс, вæййы дзы алыхуызон хъæугæ товар-



Аллæйы хъæппæрисæй ныр цал æмæ цал хатты арвыстам нæ зæрдиаг лæвæрттæ нæ хъæбатыр хæстонтæн алыхуызон хъæугæ дзаумæттæ, хæлцы продукттæ, æмбæхсæн хызтæ. Администрацийы бæстыхайы байгом кодта хызтæ бийæн сæрмагонд æрмадз. Ардæм æрвылбон æрбамбырд вæййынц сылгоймæгтæ, сæ къухвæллой не ʻвгъау кæнынц, абон Райгуырæн бæстæ чи хъахъхъæны, неонацизмы ныхмæ карз тох чи кæны, уыцы æмбæстæгтæн. Ацы ахсджиаг хъуыддагмæ – гуманитарон æххуысмæ куыдфæндыйы цæстæй чи нæ кæсы, алкæд йе ʻххуысы хай чи бакæны, уыцы хæларзæрдæ, алцыæмбараг адæймæгтæ рох не сты районы разамындæй, сæрмагонд æфсæддон операцийы ветерантæй. Æрæджы бынæттон администрацийы кусæн уаты кадджын уавæры ветерантæ **Голоты Альберт, Дадианаты Олег** æмæ **амалхъом Голоты Руслан** 30 адæймагæн – Уæлахиз хæстæгдæргæнджытæн раттой арфæйы фыстæджытæ, кæцыты загъд ис: «Благодарность за участие в сборе гуманитарной помощи, неравнодушие, активную гражданскую позицию и неоценимый вклад в общее дело победы». Арфæйы фыстæджытæ лæвæрд кæмæн æрцыд, уыдоны ʻхсæн ис ахуыргæнджытæ, хъомылгæнджытæ, медицинон кусджытæ, хæдзары æфсинтæ, пенсиисджытæ, поселочы куыстуæтты коллективтæ. Цыбыр дзырдæй, Уæлахизы бон цæмæй рæвдздæр æрбахæццæ уа, ууыл чи архайы, уыдон рох не сты. Комбæсты сæргълæууæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Хадыхъаты Аслан** æмæ администрацийы специалист Бæгъиаты Аллæ та ма сæхи хардзæй сылгоймæгтæн балæвар кодтой дидинджытæ.

Фронтæн æххуысгæнджытæ иууылдæр ай-гъай арфæйы аккаг сты, фæлæ уæлдай арфæйы аккаг у, æххуысгæнджыты чи æрбамбырд кæны, уый – администрацийы специалист. Нæ уазджытæ зæрдиаг арфæ ракодтой ацы арфæйаг хъуыддаг аминдингæнæг Бæгъиаты Аллæйæн гæйæ, сæрæгасæй кæй сæмбæлдысты сæ бинонтыл. Сæ хъæбатырдзинад æвдисæг – сæ риутæй цалдæргай майданты æрттывд. Нæ сæрæн лæппутæ, сæ фыдæлтау, тæппуддзинад не ʻвдисынц, удуæлдайæ хъахъхъæнынц Фыдыбæстæ.

«Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ алкæй хæс дæр у, абон Украинæйы зæххыл нын нæ сабырдзинад чи хъахъхъæны, уыцы сæрæн гуырдтæн иудадзыг æххуыс кæнын. Мах уе ʻппæтæн дæр стæм стыр аргъгæнæг. Сымах æмæ уе ʻмхæстон ирыстойнæгтæ кад æмæ намыс кæнынц Ирыстонæн, Иры дзыллæтæн. Стæм уæ сæрыстыр æмæ уын сæрныллæгæй арфæ кæнæм, зæгъæм уын стыр бузныг! Уæ уæлдай лæмбынæгдзинад та махæй дæр рох нæ уыдзæн. Хуыцауы зæрдыл хорзæй лæууут! Æнæнизæй сабыр царды уæ кæстæрты хуртæй æфсæст у! Тагъд рæстæджы алкæй хъæбул дæр йæ хæдзарыл сæрæгасæй, Уæлахизимæ сæмбæлæд!», – загътой фысимтæ сæ уазджытæн.

Арфæйы фыстæджытæ, хорзæхтæ кæй къухтæй тæ, техникон ифтонггæрзтæ. Ахæм бæркадджын гуманитарон æххуыс арæх аласы йæхæдæг æмæ, йæ лæвæрттæ цалынмæ бынатыл нæ сæмбæлын кæны, уæдмæ нæ раздæхы. Кæуылты хорз æмæ ахадгæ хъæппæрис æвдисы не ʻмдугон Руслан! Ацы уæздан адæймаг йæхицæй не ʻппæлы, фæлæ дзы, кæй зæгъын æй хъæуы, хæстонтæ алы хатт дæр стыр бузныг вæййынц. Стыр бузныг дзы стæм мах дæр. Гъемæ йын Хуыцау арфæгæнæг уæд! Дунесфæлдисæг æй кæддæриддæр амалхъом æмæ æххуысхъомдæр кæнæд! Йæ дзыппы бæркад уæлейæ исгæ, бынæй ахадгæ куыд уа, йæ бæркад хорз хъуыддæгтыл куыд хардз кæна, ахæм арфæ йын Дунейы фарн ракæнæд!

Сæххæст уæд не ʻппæты бæллиц – ахуыссæд хæсты цæхæр! Нæ хъæбатыр лæппутæ рæхджы сæрæгасæй, уæнгрогæй Уæлахизимæ сæмбæлæнт сæ бинонтыл!

**ФÆРНИАТЫ Рая,**
**Уæллаг Фыййагдоны цæрæг**

## Сывæллæтты зæрдæты тауы æвидигæ хуры тынтæ

**Адæймагæн йæ намыс, йæ кад йæ куысты бынат у. Арф ахъуыды кæнгæйæ, ахæм адæймæгтæн аргъ кæнын хъæуы. Мæ уацхъуыды мæ радзурын фæнды уæздан, зæрдæхæлар æмæ цæстуарзон сылгоймаг, ахуыргæнæг КОЦОЙТЫ Ритæйы тыххæй.**

Ритæ дыууиссæдз азæй фылдæр, йæ зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинадыл нæ ауæрдгæйæ, кусы Михайловскы Гом сæрмагонд училищæйы. Ацы ахуырадон артдзæстмæ æрбацæуынц хъысмæтæй æфхæрд сывæллæттæ. Æппæт коллектив дæр архайы, цæмæй дзы алкæй зæрдæмæ дæр ссара дæгъæл. Уыцы куысты сæйраг амидингæнæг у Ритæ, кæцы цæсгомджынæй æххæст кæны директоры хæдивæджы хæстæ хъомыладон куысты. Рæдыд нæ уыдзæн, куы зæгъон, сывæллæтты зæрдæты тауы æвидигæ хуры тынтæ, зæгъгæ, уæд. Йе сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад уæрæх æмæ арф кæй у, уый бафиппайынæн бирæ рæстæг нæ хъæуы. Йæ алы дзырд дæр у зонды хос рæзгæ фæлтæрæн, æмæ йын уыдон дæр стыр аргъ кæнынц.

дæлон æвзаг æмæ национ культурæ бахъахъхъæнын æмæ рæзты хъуыддагмæ. Йæ архайдæн стыр аргъгонд æрцыд, æмæ йын нæ зæрдæ зæгъы ног ахадгæ æнтыстдзинæдтæ йæ бæрнон æмæ хъæугæ куысты. Ирыстоны адæм ын сæрбæрзондæй дзурынц йæ ном.

Коцойты Ритæ йæ хъомылгæнинæгтимæ ивгъуыд азы кæрон архайдта национ чемпионат «Абилимпикс»-ы. Федералон проект «Профессионалитет»-ы фæлгæты национ проект «Фæсивæд æмæ сывæллæттæ» къорд азы дæргъы арæзт цæуы Уæрæсейы Федерацийы Рухсады министрады хъæппæрисæй Президенты платформæйы бындурыл. Йæ архайджыты нымæц уыд минæй фылдæр, æмæ дзы нæ ахуыргæнинæгтæ сыздæхтысты дипломтæ



Тынг арæх аразы алыхуызон мадзæлттæ, равдыстытæ, ахуыргæнинæгтæ æнтыстджынæй архайынц конкурсты. Йæ разæнгард куысты æвдисæнтæ сты Кады гæххæттытæ, дипломтæ, хæрзиуджытæ, арфæйы ныхæстæ, кубоктæ. Бæрзонд æвæрд у училищæйы хъомыладон куыст. Арæх саразы фембæлдтытæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытимæ, фысджытæ æмæ поэттимæ. Сывæллæттимæ куыст цæуы æнæсцухæй. Бацæттæ кæнынц цымыдисаг равдыстытæ.

Мадæлон æвзагмæ стыр æргом здæхт цæуы училищæйы Коцойты Ритæйы хъæппæрисæй. Афтæ, хæрзæрæджы, Мадæлон æвзæгты бæрæгбон куы уыд, уæд нæ сывæллæтты бацæттæ кодтам, сахуыр кодтой æмдзæвгæтæ алы æвзæгтыл, арвыстам сæ Мæскуымæ, Мадæлон æвзæгты федералон институтмæ. Нæ куыстæн нын стыр аргъ скодтой, ахуыргæнинæгтæн сæрвыстой сертификаттæ. Стыр бузныг зæгъæм **Нæкуысаты Æхсарбеджы чызг Иринæйæн**, йе ʼргом нæм кæй раздæхта æмæ нын нæ сывæллæтты курдиатæн ахæм стыр аргъ кæй скодта, уый тыххæй. Иринæ уыцы федералон институты у этнокультурон ахуырад æмæ конкурсты архайды хайады хицау. Нæ республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрады кусгæйæ дæр Иринæ стыр æвæрæн хаста мамæ кубоктимæ, уыдысты фыццæгтимæ, сæхи арæхстджынæй равдыстой.

Нæ училищæйы рауагъдонтæ æртиссæдзæй фылдæрæй архайынц Украинæйы зæххыл сæрмагонд æфсæддон операцийы. Хъыгагæн дзы фондзæй фæмард сты, авд та дзы æбæрæгæй фесæфт. Лæппутæй бирæтæ тохы быдыры сæ лæгдзинады тыххæй райстой паддзахадон хæрзиуджытæ. Æрæджы **Гуæцæлты Тамерланы** та нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** схорзæхджын кодта майдан «Ирыстоны намысæн»-æй. Сæрыстыр стæм се ʻппæтæй дæр, тагъд рæстæджы фæстæмæ зæрдæхъæлдзæгæй, зæрдæрухсæй уæлахизимæ куыд сыздæхой, Дунескæнæг ахæм арфæ ракæнæд.

Дардмæуынаг, зæрдæхæлар, æрхъуыдыджын Ритæ Саламы чызджы хъомыладон куысты фæстиуджытæ ирдæй зынынц училищæйы æрвылбоны царды, æмæ уый фæдыл арæх райсы ахæм зæрдиаг ныхæстæ ахуырдзауты ныййарджытæй: «Хуыцау дын арфæгæнæг уæд мах бæсты, аудыс, уарзыс нын нæ сывæллæтты, æмæ де ʼнтыстдзинæдтæ бæрзондæй-бæрзонддæр кæнæнт. Царды мидæг цыдæриддæр ис хорздзинадæй, уыдонæй хайджын у».

**МАГКАТЫ Стеллæ,**
**ахуыргæнæг**

## Сæ ном сæфт нæ уыдзæн

**Адæймагыл азтæ куы рацæуы, уæд йæ зæрдыл æрлæууынц йæ сабийы бонтæ… Æрхъуыды кæны йæ хистæрты, сыхæгты, йе ʻмгæртты. Бирæ хистæрты абоны фæлтæр нæ рох кæнынц се ʻгъдау æмæ сæ лæггаддзинады фæрцы, цасфæнды мулк дæм уæд, фæлæ дзы адæмæн лæггад куы нæ кæнай, дæ цæхх æмæ сын кæрдзын сæ размæ куы нæ хæссай, уæд адæмæй дæ ном ферох уыдзæн.**

Къамы чи ис фыццаг рæнхъы галиуæрдыгæй рахизæрдæм, уыдонæй фыццаг у **Бæройты Дæппын**, хъæды хицау, йæ фарсмæ – колхозы парторг **Мыртазты Дабет**, йæ хъæбысы – сæ кæстæр лæппу **Æхсар**, йæ фарсмæ – Арсой, дарддæр **Хъуысаты Гина**, **Мыртазты Лула**, бынæй бадынц хъæусоветы нымæрдар **Милдзыхты Бæппи**, хъæуыхицау **Хосонты Рамазан**.

Къаммæ æркæсгæйæ, æвæццæгæн, кæстæртæ базондзысты сæ фыдæлты, æмæ мæнæн дæр æхсызгон уыдзæн. Адонæн цы кæстæртæ рацыд, уыдоны, адæмыʻхсæн цæугæйæ, фæстæмæ кæсын нæ бахъæудзæн, исчи мыл мæ фыды тыххæй куы бахуда, зæгъгæ.

Æз кæд æрыгон уыдтæн уыцы рæстæг, уæддæр се ʻппæты дæр зонын, æмæ сæ кады ном сæфт макуы уæд. Сæ кæстæртæ та сæ сæр бæрзонд хæссæнт сæ фыдæлтæй æмæ сын сæ хорздзинæдтæ дарддæр



Заманхъулы хъæуы бирæ хорз лæгтæ уыдис æмæ ис ныр дæр: æгъдауджын, кусаг, цæхх æмæ кæрдзындæттон, уазæгуарзаг. Бирæтæ, кæд хъæздыг нæ цардысты, уæддæр сæ хæдзары æдзух уыдис уазджытæ. Æмæ ацы цæрджытæм хауы **Хъуысаты Уагъылийы фырт Арсой** дæр. Куы ралæг, уæд йæ амонд бабаста **Дзгойты Саулохы чызг Дыккиимæ.** Дунесфæлдисæг сын балæвар кодта æхсæз лæппуйы æмæ дыууæ чызджы. Уал хъæбулы хæссын хъуыдис, æмæ Арсой уалдзæджы колхозы фыстæ æлвыдта, сæрды быдыры хоркæрдæн комбайнтæ хъахъхъæдта, фæззæг та чыргъæдтæ быдта колхозæн нартхор æмбырд кæнынæн.

Кæд хистæртæ нал сты, уæддæр Арсойы ном адæмæй нæ рох кæны, йæ цот та йын дарддæр хæццæ кæнынц йæ хорздзинæдтæ.

Мæнæ цы къам уынут, цæуы йыл æртиссæдз азмæ хæстæг, уыдон Арсойæн сты йæ сыхбæстæ, йæ хистæр хъæбул **Беппийы** æфсадмæ куы фæндараст кодта, уæд уыцы куывды.

хæццæ кæнæнт царды. Заманхъулы хъæуы ныртæккæ бирæ ног хæдзæрттæ аразынц, рæсугъд æй кæнынц, æмæ дзы буц æмæ арфæйагæй цæрæнт сæ кæстæртимæ.

Фыдæлтæй баззад ныхас: лæгæн, дам, дыууæ мæлæты ис – йæ зæрдæ кусынæй куы банцайы, уæд, æмæ йæ адæм куы ферох кæнынц, уæд. Фæлæ дыккаг ныхас, ацы къамы ист чи у, уыдонмæ нæ хауы, уымæн æмæ сæ ном сæфт никуы уыдзæн. Цæудзæн кæстæрæй-кæстæрмæ.

**ХЪУЫСАТЫ Асæхмæт**

## Музей хъæздыгдæр кæндзæн

Мах стæм полилингвалон къорды хъомылгæнджытæ. Ныййарджытæ ныл бауæндыдысты æппæты зынаргъдæр хæзна, – сæ сабиты. Архайæм, цæмæй сывæллæттæ рæзой æнæнизæй, хъæлдзæгæй, сæ рæстæг пайдаджынæй æрвитой. Иннæ къордтæй уæлдай мах хъомылгæнинæгтæ сæ фыццаг къахдзæфтимæ ахуыр кæнынц ирондзинадыл, æгъдау, æфсарм цы сты, уый сын æмбарын кæнæм. Нæ алы кусгæ бон дæр райдайы æмæ фæвæййы ирон ныхасæй. Кæд дзургæ иууылдæр нæ кæнынц, уæддæр æмбарынц. Дзурынц æмдзæвгæтæ, архайынц алыхуызон хъæзтыты, ис нæм цæстуынгæ æрмæг. Хорз уаид, ирон æвзагыл фыст хуыздджын чингуытæ сывæллæттæн фылдæр куы мыхуыр кæниккой, уæд. Æхсызгонæй фæкæсынц ирон мульткинонывтæм.



Нæ къорды ис 22 чызджы æмæ лæппуйы, цæуы сыл æртæ – цыппар азы. Ныййарджытæй æхсызгон вæййы арфæйы ныхæстæ фехъусæн, сæ кæстæрты æнтыстдзинæдтæ уынгæйæ.

Цæмæй нæ куыст ноджы ахадгæдæр уа, ууыл архайынц рæвдауæндоны сæргълæууæг **Тугъанаты Людмилæ**, ирон æвзаджы ахуыргæнæг **Захъаты Ларисæ**. Нæ методист **Гатеты Мæдинæйы** амындзинадæй сарæзтам чысыл музей. Рæвдауæндоны уавæрты нæ гæнæнтæ цыбыр сты фæлæ бацархайдтам æмæ равдыстам ирон царды бындур, нæ рагфыдæлты рæсугъд æгъдæутты иу хай. Нæ музейы къуымы къонайы алыварс, арты цур фенæн ис бинонты архайд, зæронд нана, баба, ноггуырды авдæн, æртæкъахыг стъолыл бæгæныйы къус, æртæ чъирийы, ис дзы хæдзары æндæр дзаумæттæ. Равдыстам дзы хохаг хъæуы ирон бинонты æнгом цард, сæ куыстуарзондзинад æмæ уæздандзинад. Музеймæ экспонаттæ æмбырд кæнгæйæ нын хорз æххуыс бакодтой сывæллæтты ныййарджытæ, уæлдайдæр та **Нафиты Людæ, Сугъараты Хазби** æмæ **Ликæйы** бинонтæ.

Нæ хъомылгæнинæгтæ тынг уарзынц нæ музеймæ цæуын. Афтæмæй сæм гуырдзæн Райгуырæн бæстæмæ, мадæлон æвзагмæ уарзондзинад, хъусынц æмæ дзурынил архайынц разæнгардæй. Сæрыстырæй рабадынц, æмæ, сæхæдæг цыма уыцы рæстæджы хъайтартæ сты, афтæ дæр сæм фæкæсы. Нæ музей кæй фæхъæздыгдæр уыдзæн æмæ сабиты миддунейы хъæздыгдзинадыл кæй кусдзæн, уый нæ уырны.

**КАСАТЫ Иннæ,**
**АВЛОХТЫ Нонæ,**
**Дзæуджыхъæуы**
**83-æм рæвдауæндоны**
**хъомылгæнджытæ**

